

Setting Up Your Digital-to-Analog Converter Box (Basic)

FCC Consumer Facts


Dokiman sila a dekri enstalasyon yon bwat konnvètè dijital-analòg sou antèn ak televizyon analòg ou a. Gid sa a ape de w pare lè wap achte yon bwat konnvètè pou w sa konnen kisa kap vini epi pou w sa konnen si w bezwen yo ede w enstale li.




Kab kowakysyal

Ekipman: w ap bezwen televizyon analogik ou a, antèn ou tap sèvi ak li a (andedan kay oswa deyò), ak kab koksyal ki konekte antèn la ak televizyon a (tankou yo montrel nan imaj adwat la). Nouvo bwat konnvètè w la ap vini ak yon kab kowakysyal epi yon telekomann (remote control). Anvan ou komanse enstalasyon bwat konnvètè a, pito ou dekonekte televizyon a.


Demach ① Konekte kab kowakysyal antèn ki gentan nan televizyon a nan koneksyon ki rele “Antenna In (RF)” la.



Demach ② Konekte menm kab sa a nan koneksyon yo rele “Antenna In (RF)” nan bwat konnvètè a.



Demach ③ Pran kab kowakysyal ki vini ak bwat konnvètè a fwa sa a, epi konekte yon tèt kab la nan koneksyon “Out to TV (RF)”, epi konekte dezyèm tèt la nan koneksyon “Antenna In (RF)” nan televizyon a.



Demach ④ Konekte fil kouran bwat konnvètè a ak pa televizyon nan priz kouran a epi limen televizyon a ak bwat konnvètè a tou. Sèvi ak endikasyon ki vini ak bwat konnvètè a epi mete televizyon a sou chanèl 3 oswa 4. Sèvi ak telekomann la/rimot ki vini ak bwat konnvètè w la, swiv gid pwogramasyon k ap parèt sou ekran televizyon a pou w sa chache chanèl DTV diponib yo, epi ou mèt komanse jwi avantaj televizyon dijital la !

- Si bwat konnvètè w la genyen yon opsyon analòg “lese-pase oswa” “pass-through”, l ap pèmèt ou resevwa kèlkeswa estasyon k ap difize sou fòma analòjik nan zòn ou. Swiv endikasyon ki vin ak bwat konnvètè ki vin ak bwat konnvètè w la pou w konn kijan pou w jwenn chanèl analòjik yo.
- Pou endikasyon sou koneksyon bwat konnvètè w la san opsyon analòjik “lese-pase”, oswa pou endikasyon sou koneksyon bwat konnvètè ak lòt aparèy tankou yon mayetoskòp VCR, ale nan www.dtv.gov oswa kontakte FCC a nan adrès imèl dtvinfo@fcc.gov; oswa rele 1-888-CALL-FCC (1-888-225-5322) vwa oswa 1-888-835-5322 TTY.

Dokiman sila a se pou edikasyon konsomatè a sèlman. Li pa fèt pou afekte okenn pwosè oswa okenn ka ki jistis ki trete de sijè sa a oswa okenn bagay ki gen rapò ak li.

06/09/08



Federal Communications Commission • Consumer & Governmental Affairs Bureau • 445 12th St., SW • Washington, DC 20554
1-888-CALL-FCC (1-888-225-5322) • TTY: 1-888-TELL-FCC (1-888-835-5322) • Fax: 1-866-418-0232 • www.fcc.gov/cgb